

## DEPATMAN SANTE ETA NEW YORK BIWO ENTÈVANSYON BONÈ

### AVI POU PARAN YO KONSÈNAN ASIRANS

Nan Eta New York la, yo dwe bay sèvis Entèvansyon Bonè (EI) yo gratis pou fanmi yo. Sepandan, sistèm peman Eta New York la pou Pwogram Entèvansyon Bonè (EIP) a gen ladan itilizasyon asirans leta bay (tankou Medicaid ak Child Health Plus) ak asirans prive (tankou CDPHP, UHC, ak lòt ankò) pou ranbousman sèvis entèvansyon bonè yo. Sous finansman enpòtan sa yo kontribye nan garanti sèvis entèvansyon bonè yo disponib pou jenerasyon k ap vini yo.

Selon Lwa Sante Piblik la, founisè sèvis EI yo oblije faktire asirans piblik ak prive yo pou sèvis entèvansyon bonè yo an premye, anvan yo soumèt bòdwo yo pou peman pa minisipalite ou a. Y ap faktire asirans prive a sèlman si kontra asirans ou an plwaye devan Lwa Eta New York la (reglemante). Yo pa faktire asirans ki pa-règleman pou sèvis EIP yo.

#### **Medicaid ak Asirans Prive:**

Si fanmi ou gen pwoteksyon ni asirans prive ak asirans leta bay (Medicaid), reklamasyon pou peman sèvis entèvansyon bonè yo ap faktire an premye nan asirans prive ou a epi se sèlman balans ki rete a k ap faktire nan asirans leta bay (Medicaid) pou peman an. Plan asirans pitit ou a ap faktire pou sèvis entèvansyon bonè yo si asirans pitit ou a plwaye devan Lwa sou Asirans Eta New York la.

#### **Koleksyon Nimewo Asirans ak Sekirite Sosyal:**

Selon Lwa Sante Piblik Eta New York (PHL):

- Kowòdonatè sèvis ou a dwe kolekte, epi ou dwe bay enfòmasyon ak dokiman konsènan pwoteksyon asirans pitit ou a, ansanm a asirans piblik ak prive. Enfòmasyon sa gen ladan: kalite kontra asirans lan oswa plan benefis sante a, non konpayi asirans lan oswa administratè plan an, nimewo idantifikasyon kontra oswa plan an, kalite pwoteksyon a nan kontra la ak nenpòt lòt enfòmasyon ki nesèsè pou faktire asirans ou an. Kowòdonatè sèvis ou a ap eksplike dwa ak responsabilite ou yo, ak pwoteksyon ke lalwa bay pou fanmi yo. [PHL§2543(3); PHL§2559(3)(a)(i)]
- Responsab Entèvansyon Bonè ou a dwe kolekte, epi ou dwe bay nimewo sekirite sosyal ou ak nimewo sekirite sosyal pitit ou a. Enfòmasyon sa yo ap rete an sekirite ak sekrè. [PHL§2552(2)]

### **Kontra Asirans ke Eta New York Règlemanste:**

**Pwoteksyon sa yo garanti selon Lwa Sante Piblik Eta New York (PHL) ak Lwa sou Asirans Eta New York (SIL) pou plan asirans yo ke Eta New York règlemanste, lè yo te konn itilize asirans piblik ak prive yo pou peye pou sèvis entèvansyon bonè yo.**

- 1. Sèvis entèvansyon bonè pitit ou a bezwen an yo ap bay li gratis pou fanmi ou.** Yo pa kapab mande ou pou peye pyès depans ranbousab, tankou franchiz oswa ko-peman, pou sèvis yo ke pitit ou ak fanmi ou resevwa nan Pwogram Entèvansyon Bonè (EIP) a. Responsab Entèvansyon Bonè (EIO) a ap fè aranjman pou peman tout ko-peman ak franchiz yo. [PHL§2557(1); PHL§2559(3)(b)]
- 2. Yo entèdi konpayi asirans yo pou faktire benefis peye yo pou sèvis entèvansyon bonè yo kont nenpòt limit maksimòm kontra anyèl oswa a vi ("limit").** Sa vle di ke nenpòt peman konpayi asirans ou an fè pou sèvis entèvansyon bonè yo p'ap diminye pwoteksyon asirans total fanmi ou an. [PHL§2559(3)(c); SIL§3 235-a(b)]
- 3. Yo entèdi konpayi asirans yo pou faktire sèvis entèvansyon bonè yo ki te peye kont limit vizit yo nan kontra ou.** Sa vle di ke vizit entèvansyon bonè yo ke konpayi asirans lan te ranbouse paka redwi kantite vizit yo otreman disponib pou swen sante pitit ak fanmi ou. [SIL§3 235-a(b)]
- 4. Sèvis entèvansyon bonè yo ki disponib pou pitit ak fanmi ou p ap limite a sa ki kouvri pa asirans ou an.** EIO ou a dwe asire ke yo bay pitit ou a sèvis entèvansyon bonè ki jis, menm si asirans ou an pa garanti sèvis sa yo oswa si ou pa gen asirans. [PHL§2552(1)]
- 5. Konpayi asirans sante ou a pa kapab sispann oswa neglije pou renouvle** pwoteksyon asirans ou an sèlman paske pitit ou a ap resevwa sèvis nan EIP a. [SIL§3 235-a(d)]
- 6. Konpayi asirans sante ou a pa ka ogmante prim asirans sante ou a sèlman paske** pitit ak fanmi ou ap resevwa sèvis nan EIP a.
- 7. Kalifikasyon pitit ou a pou pwogram dispans lakay ak nan kominote yo p ap afekte** pa itilizasyon asirans sante piblik la (sa vle di, Medicaid) pou peye pou sèvis entèvansyon bonè yo. Resevwa sèvis entèvansyon bonè yo pa anpeche pou patisipe nan Pwogram Dispans Timoun Medicaid 1915(c) la
- 8. Ou dwe toujou bay sèvis entèvansyon bonè yo nan IFSP ou a menm si ou pa gen** pwoteksyon asirans prive oswa piblik. Yo pa kapab oblije ou pou jwenn pwoteksyon asirans sante kòm yon kondisyon pou patisipe nan EIP a, byenke kowòdonatè sèvis ou a ka ede ou avèk rekòmandasyon ak demand pou benefis leta bay yo si ou chwazi sa. [PHL§2552(1); PHL§2559(1)]

### **Kontra Asirans Eta New York pa Rèlemante Pa Faktire pou Sèvis EIP yo:**

**Si plan asirans ou a se pa Eta New York ki rèlemante li, pwoteksyon yo ki nan Lwa sou Asirans Eta oswa Sante Piblik p ap aplikab pou plan asirans ou a. Nan sikonstans sa yo:**

1. Yo pa ka anpeche konpayi asirans ou a pou li aplike sèvis entèvansyon bonè yo nan kontra a vi a oswa limit monetè anyèl yo oswa pou diminye kantite vizit ki otreman disponib yo.
2. Yo pa ka entèdi konpayi asirans ou a pou li sispann oswa manke renouvle pwoteksyon asirans sante ou a paske pitit ou a ap resevwa sèvis EIP yo.
3. Yo pa ka entèdi konpayi asirans ou a ka pa entèdi pou ogmante prim asirans ou a paske pitit ou a ap resevwa sèvis EIP yo.

### **Sibwogasyon:**

Lwa Eta New York sou Sante Piblik bay minisipalite a ak founisè a dwa 'sibwogasyon' nan ranbousman selon kontra ou, nan limit ke minisipalite a te peye pou sèvis entèvansyon bonè yo oswa founisè a te bay sèvis ki garanti nan kontra ou a. [PHL§2559(3)(d); SIL§3 235-a(c)] Sa vle di ke nenpòt peman pou sèvis entèvansyon bonè yo ki fèt pa yon asirans prive dwe fèt dirèkteman bay founisè entèvansyon bonè a. Si yo fè peman an pou ou pa erè, tanpri kontakte founisè entèvansyon bonè ou yo ak / oswa kowòdonatè sèvis pou jwenn enstriksyon ak asistans. Sa enpòtan pou asire ke ou peye founisè ou a pou sèvis entèvansyon bonè yo li bay pitit ak fanmi ou.

### **Dwa pwosedi ekitab:**

Paran yo gen dwa pou jwenn aksè nan pwosedi dwa pwosedi yo pou rezoud dezakò oswa plent konsènan sèvis entèvansyon bonè pitit yo a. Dwa pwosedi ekitab sa yo gen ladan opòtinite pou medyasyon, chache yon odyans dwa pwosedi, ak / oswa opòtinite pou depoze yon plent bay sistèm Eta a. Tout opsyon yo volontè epi yo gratis pou paran an. [34 CFR §303.431, §303.436, §303.441, §303.434; PHL §2549; 10 NYCRR Section 69-4.17]

- Medyasyon se yon pwosesis ki fèt pa yon medyatè ki resevwa fòmasyon nan yon Sant Rezolisyon Dispit nan Kominote ki ede paran yo ak Responsab Entèvansyon Bonè (EIOs) yo rive jwenn yon akò konsènan sèvis entèvansyon bonè yo.
- Odyans San Patipri yo fèt pa ofisyè odyans yo (jij dwa administratif ki chwazi pa Komisè Sante a oswa reprezantan) epi yo sèvi tou pou rezoud dispit ant yon paran ak yon EIO. Paran yo kapab mande pou yon odyans san patipri si yon evalyatè jwenn pitit yo a pa kalifye pou sèvis yo tout o tan demand lan fèt nan 6 mwa aprè dat timoun nan pa t kalifye a.
- Yon plent bay sistèm ka depoze si paran yo kwè ke EIO yo, kowòdonatè sèvis yo, evalyatè oswa founisè sèvis yo pa fè travay yo selon lalwa, règ oswa regleman yo. Yo dwe fè plent sa a alekri voye bay Direktè Depatman Sante Eta New York la nan Biwo Entèvansyon Bonè a epi dwe soumèt li mwens pase yon ane a pati dat swadizan vyolasyon an.

Si ou ta gen nenpòt kesyon konsènan enfòmasyon ki nan avi sa a, tanpri mande kowòdonatè sèvis ou a oswa EIO, oswa rele oswa voye yon imèl nan Biwo Entèvansyon Bonè, Depatman Sante Eta New York nan 518-473-7016 oswa [beipub@health.ny.gov](mailto:beipub@health.ny.gov).

DEPATMAN SANTE ETA NEW YORK  
BIWO ENTÈVANSYON BONÈ

**ENSTRIKSYON FÒM ENFÒMASYON SOU ASIRANS POU TIMOUN YO**

**Enfòmasyon sou Asirans pou Timoun nan:**

Nan Eta New York la, yo dwe bay sèvis entèvansyon bonè yo gratis pou fanmi yo. Sepandan, sistèm peman Eta New York la pou Pwogram Entèvansyon Bonè (EIP) a gen ladan itilizasyon asirans leta bay (tankou Medicaid ak Child Health Plus) ak asirans prive (tankou CDPHP, Empire Plan, ak lòt ankò) pou ranbousman sèvis entèvansyon bonè yo. Selon Lwa Sante Piblik Eta New York (PHL) la, kowòdonatè sèvis ou a dwe kolekte, epi ou dwe bay enfòmasyon ak dokiman konsènan pwoteksyon asirans pitit ou a, ansanm a asirans piblik ak prive. Enfòmasyon sa gen ladan: kalite kontra asirans lan oswa plan benefis sante a, non konpayi asirans lan oswa administratè plan an, nimewo idantifikasyon kontra oswa plan an, kalite pwoteksyon a nan Kontra Asirans la ak nenpòt lòt enfòmasyon ki nesèsè pou faktire asirans ou an. Kowòdonatè sèvis ou a dwe eksplike dwa ak responsabilite ou yo, ak pwoteksyon ke lalwa bay pou fanmi ou a.

Ranpli fòm sa a:

- Kowòdonatè sèvis ou a ka ede ou ranpli fòmilè sa'a.
- Tanpri asire ou ke fòmilè a ranpli konplètman epi avèk presizyon.
- Si pitit ou a gen de (2) oswa plis kontra asirans sante, ou dwe bay enfòmasyon pou chak kontra. (egzanp anba a)
  - Si pitit ou a gen de (2) politik asirans prive diferan, w ap mete ladan enfòmasyon sou tou de politik yo.
  - Si pitit ou a gen Medicaid ak yon asirans prive, w ap mete ladan Nimewo Idantifikasyon Timoun Medicaid (CIN) la ak enfòmasyon sou asirans prive a.
  - Si pitit ou a gen Medicaid Managed Care, ou dwe ekri ni Nimewo Idantifikasyon Timoun Medicaid (CIN) ak enfòmasyon sou konpayi asirans Medicaid Managed Care a nan seksyon enfòmasyon sou asirans lan.
  - Si pitit ou a gen Medicaid Managed Care ak yon kontra asirans prive, w ap mete Nimewo Idantifikasyon Timoun Medicaid (CIN), enfòmasyon sou konpayi asirans Medicaid Managed Care a, ak enfòmasyon sou kontra asirans prive a.
- Kowòdonatè sèvis ou a dwe revize enfòmasyon sou asirans pitit ou a avèk ou pou piti chak twa (3) mwa. Si asirans ou a chanje, w ap bezwen pou ranpli yon nouvo fòm.
- Tanpri enfòme kowòdonatè sèvis ou a san pèdi tan si pwoteksyon asirans pitit ou a chanje.

**Atestasyon Paran ki Pa Gen Asirans (si sa aplike):**

- Ou dwe ranpli ak siyen atestasyon sa a si pitit ou pa gen pwoteksyon asirans sante.
- Ou dwe siyen yon nouvo atestasyon nan chak reyinyon / revizyon Plan Sèvis pou Fanmi Endividalize (IFSP) (sòf si pitit ou a te jwenn yon pwoteksyon asirans).
- Si pitit ou a pa gen asirans, y ap toujou bay sèvis EIP yo gratis pou ou.
- Pitit ou a pa oblije gen asirans sante pou resevwa sèvis EIP yo; sepandan, kowòdonatè sèvis ou a dwe ede ou idantifye ak prezante demand pou asirans sante ke pitit ou a ka kalifye pou li.

Tanpri kontakte kowòdonatè sèvis ou a si ou ta gen nenpòt kesyon pandan w ap ranpli fòm sa a.

Timoun NYEIS  
# Referans:

Asirans  
Twous Zouti Atik 4  
Fòm B

DEPATMAN SANTE ETA NEW YORK  
BIWO ENTEVANSYON BONE

**ENFOMASYON SOU ASIRANS POU TIMOUN YO**

**Non Timoun nan / Dat li Fèt:** \_\_\_\_\_ **Sèks Timoun nan:** gason  fi

**Enfòmasyon sou Asirans Prensipal la:**

Konpayi asirans la / Non Plan an: \_\_\_\_\_

Adrès Faktirasyon Konpayi Asirans la: \_\_\_\_\_

Nimewo Politik / Idantifikasyon (ID): \_\_\_\_\_

ID Manm Timoun nan (si diferan): \_\_\_\_\_

# Gwoup: \_\_\_\_\_

Non Mèt Kontra Asirans la: \_\_\_\_\_ Sèks Mèt Kontra Asirans la: gason  fi

Dat Mèt Kontra Asirans la Fèt: \_\_\_\_\_

Adrès Mèt Kontra Asirans la: \_\_\_\_\_

Nimewo Telefòn Mèt Kontra Asirans la: \_\_\_\_\_

Relasyon Mèt Kontra Asirans la avèk timoun nan: \_\_\_\_\_

**Lòt Asirans (si sa aplike):**

Konpayi asirans la / Non Plan an: \_\_\_\_\_

Adrès Faktirasyon Konpayi Asirans la: \_\_\_\_\_

Nimewo Politik / ID: \_\_\_\_\_

ID Manm Timoun nan (si diferan): \_\_\_\_\_

# Gwoup: \_\_\_\_\_

Non Mèt Kontra Asirans la: \_\_\_\_\_ Sèks Mèt Kontra Asirans la: gason  fi

Dat Mèt Kontra Asirans la Fèt: \_\_\_\_\_

Adrès Mèt Kontra Asirans la: \_\_\_\_\_

Nimewo Telefòn Mèt Kontra Asirans la: \_\_\_\_\_

Relasyon Mèt Kontra Asirans la avèk timoun nan: \_\_\_\_\_

Nimewo Idantifikasyon Kliyan Medicaid (CIN) (si sa aplike): \_\_\_\_\_  
(2 lèt, 5 chif, 1 lèt)

\_\_\_\_\_  
Siyati Paran / Responsab Legal la

\_\_\_\_\_  
Dat

**Siyati paran an konfime ke enfòmasyon sou asirans yo ki nan dosye a kòrèk.**

Enfòmasyon sou Asirans revize: dat _____ pa gen chanjman _____ siyati paran an _____
Enfòmasyon sou Asirans revize: dat _____ pa gen chanjman _____ siyati paran an _____
Enfòmasyon sou Asirans revize: dat _____ pa gen chanjman _____ siyati paran an _____
Enfòmasyon sou Asirans revize: dat _____ pa gen chanjman _____ siyati paran an _____
Enfòmasyon sou Asirans revize: dat _____ pa gen chanjman _____ siyati paran an _____

**ATESTASYON PARAN KI PA GEN ASIRANS (si sa aplike)**

**Non Timoun nan:** \_\_\_\_\_ **Dat Timoun nan Fèt:** \_\_\_\_\_

Mwen \_\_\_\_\_ (tanpri ekri non ou an lèt detache) paran an ak / oswa responsab legal timoun nan ki gen non li pi wo a, ateste ke nan dat jodi a timoun sa pa gen yon kouvèti asirans sante. Mwen konprann ke kowòdonatè sèvis Pwogram Entèvansyon Bonè ki afekte a dwe ede mwen idantifye ak prezante demand pou asirans sante pou sa timoun sa ka kalifye. Mwen konprann tou ke timoun sa a pa oblije gen asirans sante pou ka resevwa sèvis Pwogram Entèvansyon Bonè yo.

\_\_\_\_\_  
Siyati Paran / Responsab Legal la

\_\_\_\_\_  
Dat

DEPATMAN SANTE ETA NEW YORK  
BIWO ENTÈVANSYON BONÈ

**OTORIZASYON POU BAY ENFÒMASYON SOU ASIRANS SANTE**

Daprè Seksyon 2559(3)(d) Lwa Sante Piblik Eta New York ak  
Seksyon 3235-a(c) nan Lwa sou Asirans

Non Moun ki Asire a (Timoun):	Dat li Fèt:
Non paran / Responsab Legal la:	Dat li Fèt:
Non Konpayi Asirans la:	Non / Kalite Plan Asirans la:
Adrès Konpayi Asirans la:	Nimewo Telefòn Konpayi Asirans la:
Non ak Adrès Mèt Kontra a:	Nimewo Kontra / ID: Nimewo ID Manm Timoun nan: Nimewo Gwoup (si sa aplike):
Non Sèvis Kowòdonatè a:	Ajans Sèvis Kowòdonatè a:
Adrès Sèvis Kowòdonatè a:	Nimewo Telefòn Sèvis Kowòdonatè a:
Minisipalite:	Dat ou voye bay konpayi asirans lan:

Mwen mande ak otorize pou yo bay enfòmasyon sou pwoteksyon asirans sante pou moun ki asire a ki site anwo a bay kowòdonatè sèvis entèvansyon bonè pitit ak fanmi mwen an, founisè (yo), minisipalite ki administre Pwogram Entèvansyon Bonè lokal la, ak Depatman Sante Eta New York la ak / oswa ajan fiskal entèvansyon bonè li yo.

Mwen otorize pou fè echanj enfòmasyon ant pati sa yo ak konpayi asirans la ki site anwo a pou fasilite reklamasyon ak èd nan desizyon sou reklamasyon pou sèvis yo bay yo anba Pwogram Entèvansyon Bonè a:

An plis sa, mwen aksepte ak otorize founisè yo ki soumèt reklamasyon bay konpayi asirans non li make anwo a pou bay enfòmasyon sa yo ke konpayi asirans lan ka mande pou fasilite reklamasyon ak peman pou sèvis yo bay yo anba Pwogram Entèvansyon Bonè a.

Demand sa aplike sèlman a pwoteksyon asirans sante a selon politik, plan oswa pake benefis moun ki asire a pou fasilite peman nan men konpayi asirans lan pou sèvis yo bay yo anba Pwogram Entèvansyon Bonè a.

Siyati Paran / Responsab Legal la: \_\_\_\_\_

Dat Siyen: \_\_\_\_\_